

Aksè a la Jistis

Chak jou, avoka ak paralegal nan GBLS ap bay bon jan konsèy legal ak reprezentasyon pou moun'n ki pa travay pou anpil lajan. Anplis, anpil fanmi pòv ak endividé benefisyé de lòt sistèm sèvis ke GBLS bay. Kòm egzanp nou ka pran:

- Ogmante sekirite pou fanm ak timoune ki maltrete pa patnè yo, sa fet gras ak amelyorasyon gnou seri lwa sou zafè gadinaj ak vizitasyon timoune;
- Ameliorasyon pou dè milie de moune ki handikape ka gin fasilité pou pran transpòtasyon publik. Ameliorasyon sa se rezulta gnou akò ki te pran sou aksyon legal avèk 'Massachusetts Bay Transportation Authority' nan mwa Avril 2006 kote GBLS te reprezante moune ki te konsène yo;
- Ameliorasyon proteksyon pou viktim pèsekisyón pou tèt ras yo ak afè politik kap chèche azil ozetazini;
- Ogmantasyon kòb moun'n ki pa touche sufi lajan pa lè, sa se rezulta odiñans sou lajan pou moun viv nan Boston ak ogmantasyon minimum lajan nan Massachusetts;
- Ameliorasyon nan sistèm chomaj pou travayè ki pa fè sifi lajan, sa yo ki gin revandikasyon min ki pa pale anglè ak moune ki subi violans domestik; ak
- Pwoteksyon pou lontan, preske 3000 apatman kay leta (nan gnou pri abòdab) pou pòv, granmoun ak andikape ki ta pral tounen kay pou lwe nan pri nòmal.

Bezwén

Malgre tout travay ekstraòdinè GBLS ap fè li pa sifi. Chak jou, twa nan chak sink cliyan ak plent legitim oblige pa ka jwen'n sèvis poutèt pa gen ase moun pou travay. Moun sila yo pa gen lòt kote pou yale pou mande jistis.

Domen yo Travay

GBLS bay bon jan sèvis legal pou anpil pwoblèm serye ke fanmi pòv ak endividé, granmoun ak andikape ka genyen. Domèn travay ki pi enpòtan yo se:

Travay—Proteje dwa travayè ki travay pou ti lajan: jwenn benefis chomaj lè-w pèdi travay, gen aksè pou jwenn antrènman nan travay ou, salè (sou kòb ki pi piti moun sipoze touche ou byen siplemantè; ede 'nurses'aid' ki sètifie fè apel nan tribunal sou ka yo, ede nan diskriminasyon nan zafè travay (nan sikontans limite).

Lwa sou zafè Fanmi—Pwoteksyon, sekirite, ide-pandans nan zafè finans: reprezante sitou moune ki viktim violans domestik pou asire sekirite yo ak sekirite pitit yo; dwa pou gade timoun nan ak lòd pou vizite; èd pou timoun; divòs ak aksyon parantal.

Sante ak Andikap—Aksè a swen la sante ak benefis andikap: aksè a benefis gouvenman bay andikape, swen la sante, transpòtasyon publik, sosyal sekirite, SSI, medikèd ak lòt pwogram sante publik. Yon espesyal pwojè pou medikè okipel de ka ki enplike akse a medikè e benefis ki aplike a ka sa yo.

Pwogram Kay—Prezèvè apatman kay nan gnou pri moune ki pa fè anpil lajan ka peye: chache jwenn epi kinbe kay sheltè pou fanmi san kay; defann moune yap mete deyò nan kay yo; jwenn aksè a kay bon mache. Asire ke kay bon mache rete disponib pou moun ki pa fè sufi lajan e nonpa tonbe nan mache lweyaj nòmal.

Imigrasyon—Pwotège libète: deman'n azil pou moun ki kouri kite peyi yo akoz pèsekisyón politik ou byen paske yo se fanm ou gason; fan'm maltrete ki sove rантre ozetazini ak timoune piti kap chache stati imigran pou kont yo; asistans nan aplikasyon a diferan gwooup imigran ke lwa imigrasyon ofri stati espesyal.

Asistans Sosyal (Welfare)—Assistans pou moun jwen travay: chache jwenn e kinbe èd yo bay pou fanmi ki gin timoune depandan (TAFDC); gadinaj pou timoune; kupon pou jwenn manje (food stamps); èd ijan pou granmoun, moune ki andikape ak timoune piti (EAEDC); aksè pou jwenn edikasyon ak pwogram entrènman; sèvis asistans sosyal ak pwoteksyon pou moune ki subi domestik violans ak fanmi ki gin timoun oubyin paran andikape.

Pwogram Espesyal

GBLS gen plizyè pwogram pou asire aksè a la jistis pou tout moun ki gen yon baryè kelkonk. Anpil nan avoka ak paralegal nou yo pale panyol, kreyol ayisen, pòtige, chinwa ak vietnamyin. Nou bay intèprèt nan lòt lang tou. An plis GBLS kreye gnou seri pwogram espesyal kote yale nan diferan zòn pou asiste gnou group moune kelkonk.

Depatman pou Moun Peyi Azi: yo ofri èd ak asistans legal ak imigran ki soti nan zòn Azi. Yo ede nan zafè lwa ki regle pwoblèm fanmi, imigrasyon, benefis chomaj, zafè kay ak zafè asistans sosyal (welfare); yo reprezante group kliyan ki travay nan ede kominote yo pran inisiative nan zafè dwa imigran, dwa travayè, apatman kay nan pri ki abòdab.

Lwa sou Pwoje nan Kominote a: yo travay ak gwooup nan kominote kap òganize yo, yo ede plede kòz moune, yo ede nan aksyon legal sou efò kominote a ap fè nan zafè estabilizasyon. Manm nan pwojè sa ede batì òganizasyon demokratik e ede devlope opòtunite ekonomik nan kominote a, yo bay inspirasyon ak fòs nan kominote kote moune pa fè sufi lajan. A prezan yo fokis sitou sou kesyon kinbe kay leta nan gnou pri ki abòdab, sou zafè tè kominote yo ap itilize e ak planifikasyon sou jan bagay yo dwe mache.

Depatman pou Granmoun'n: yo ale nan kominote yo, yo bay asistans legal ak moune ki gin 60 ane ou plis nan zafè kay leta ak dwa moune ki lwe kay, ede nan kesyon ki gin rapò ak 'nursing', sosyal sekirite, SSI, medikèd ede nan zafè koupon pou jwenn manje (food stamps), ede nan defans sou zafè moune ki responsab granmoune ak kesyon ki gin rapò ak konsomasyon.

Sante mantal ak Dwa moune ki Handikape: bay asistans legal ak granmoune kou timoune ki gin handikap mantal nan zafè diskriminasyon, dwa yo gingnin nan sèvis mantal kominote a ofri, dwa pou moune yo plase nan gnou institisyon, yo ede tou ak sa ki kon-sène edikasyon espesyal.

Si Ou Bezwen Sèvis Legal

Ou ka kalifeye pou resevwa sèvis GBLS ofri si ou rete nan zon yo ofri sèvis sa yo epi si ou pa fe plis ke 125 pouzan barem lajan fanmi pòv ke la lwa federal etabli. (Barem sila pa aplike pou gramoun.) Nou ofri sèvis legal soti nan bay konsey rive nan reprezantasyon, selon bezwen. Pou nou ka pi byen solisyonе pwobleм kliyan nou yo, chak departman gen bagay pa yo yo okipe.

Kontakte Nou

Biwo:

Greater Boston Legal Services
197 Friend Street
Boston, MA 02114
Fax: 617.371.1222
TDD: 617.371.1228

Cambridge and Somerville Legal Services
60 Gore Street, Suite 203
Cambridge, MA 02141
Fax: 617.494.8222
TDD: 617.494.1757

www.gbls.org

Entepret disponib pou sila yo ki pale angle.

Greater Boston Legal Services

Zon yo ran'n sèvis



GBLS bay sèvis tou a gramoun nan zon silayo: Acton, Bedford, Boxborough, Burlington, Carlisle, Concord, Harvard, Lexington, Lincoln, Littleton, Maynard, North Reading, Reading, Stow, ak Wilmington.

GBLS kapab sèvi kliyanl yo gras a lajan ki soti nan koporasyon masachouset pou asistans legal, ajans rejional sou zafe laj, anpil fondasyon, koporasyon ak kontribisyon moun ak kabine avoka a trave Boston.

Ak anpil rekonesans, GBLS aksepte don ke leta konsidere nan zafe taks. Tanpri kontakte nou.

GBLS fye pou li sipote pa



The logo for Greater Boston Legal Services consists of the organization's name in a serif font above a stylized illustration of a torch. The torch has a red flame at the top, a dark body, and a light-colored base.



Bay bon jan kalite, sèvis legal

gratis (pa afe kriminel), pou

moun pov nan Grete Boston.